# Адыгэ макъ

№ 236 (20001)

2011-рэ илъэс

БЭРЭСКЭШХУ

ТЫГЪЭГЪАЗЭМ и 9

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэмрэ и Правительствэрэ ягъэзет




# ЛIышъхьэм иIофшIэгъу зэIукIэгъухэр

**Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан АР-м и Прокурор шъхьаIэ хъунымкIэ зикандидатурэ къагъэлъэгъогъэ Василий Пословскэмрэ джыдэдэм прокурорым ипшъэрылъхэр зыгъэцакIэрэ Сергей Губинымрэ тыгъуасэ IофшIэгъу зэIукIэгъу адыриIагъ. АР-м и Премьер-министрэу КъумпIыл Мурат, АР-м и ЛIышъхьэрэ министрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие ипащэу Владислав Федоровыр ащ хэлэжьагъэх.**

Адыгеим игъэцэкIэкIо хэбзэ органхэмрэ прокуратурэмрэ яIо зэхэлъэу зэрэзэдэлажьэхэрэр тапэкIи лъыгъэкIотэгъэным, УФ-м изаконодательствэ къыдилъытэрэ лъэныкъо пстэури гъэцэкIэгъэным ыкIи республикэм иэкономикэ хэхъоныгъэхэр ышIынхэм афэшI зикандидатурэ къагъэлъэгъогъэ В. Пословскэм бэкIэ зэрэщыгугъырэр ТхьакIущынэ Аслъан къыхигъэщыгъ. АщкIэ АР-м и Правительствэ къытефэрэр зэкIэри ыгъэцэкIэным, прокуратурэм сыд фэдэ лъэныкъокIи IэпыIэгъу къыфэхъуным, язэпхыныгъэ агъэпытэзэ ыпэкIэ лъыкIотэнхэм зэрэфэхьазырхэр ЛIышъхьэм къыIуагъ.

ПшъэдэкIыжьэу ыхьыщтыр къызэрэгурыIорэр ыкIи ащ дакIоу амалэу иIэмкIэ республикэм ишIуагъэ ригъэкIыным, цыхьэу къыфашIыгъэр къыгъэшъыпкъэжьыным Iоф зэрэдишIэщтыр мыщ дэжьым Василий Пословскэм къыщыхигъэщыгъ. Адыгеим исоциальнэ-экономическэ зытет зыфэдэм, ащ хэхъоныгъэу ышIыхэрэм зызэрэщигъэгъозагъэр ыкIи ащ осэшIу зэрафишIырэр къыIуагъ.

БгъуитIум яIо зэхэлъэу, язэпхыныгъэ агъэпытэзэ Iоф зэдашIэным зэрэфэхьазырхэр зэIукIэгъум кIэух зэфэхьысыжь фэхъугъ.

АР-м и Прокурор шъхьаIэ иIэнатIэ IугъэхьэгъэнымкIэ къагъэлъэгъогъэ В. Пословскэм икандидатурэ АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатхэр хэплъэщтых.

***ТХЬАРКЪОХЪО Адам.***

*Сурэтыр А. Гусевым тырихыгъ.*

# Iофыгъо зэфэшъхьафхэм атегущыIагъэх

Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТхьакIущынэ Аслъан АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм хэхьэрэ фракциеу «КПРФ-м» идепутатхэу Евгений Саловым, Матыжъ Аслъан, Тамара Борчаковскаям, Валерий Сороколет, Иван Бормотовым тыгъуасэ IофшIэгъу зэIукIэгъу адыриIагъ. АР-м и Парламент и Тхьаматэу Федор Федорко ащ хэлэжьагъ.

Непэрэ мафэхэм республикэм исоциальнэ-экономическэ зытет зыфэдэм, гъэхъагъэхэм, гумэкIыгъоу, щыкIагъэу щыIэхэм, тапэкIэ зэрэзэдэлэжьэн альэкIыщт лъэныкъохэм ахэр атегущыIагъэх. Гъэсэныгъэм ыкIи медицинэм ясистемэхэм хэхъоныгъэхэр ягъэшIыгъэнхэр, туризмэм зегъэушъомбгъугъэныр, ЖКХ-м ылъэныкъокIэ щыIэ гумэкIыгъохэр дэгъэзыжьыгъэнхэр республикэм игъэцэкIэкIо хэбзэ органхэми депутатхэми япшъэрылъ шъхьаIэу джырэ уахътэ зэрэщытыр къаIуагъ.

Мы аужырэ илъэсхэм Адыгеим иэкономикэ хэхъоныгъэу ышIыгъэхэм АР-м и ЛIышъхьэ кIэкIэу къатегущыIагъ. Джащ фэдэу коммунистхэм зэIукIэгъум къыщаIэтыгъэ упчIэхэм зэрахэплъэщтхэр, ахэр зэшIохыгъэхэ хъуным анаIэ зэрэтырагъэтыщтыр республикэм ипащэ икIэухым къыIуагъ.

Мы мэфэ дэдэм фракциеу «Справедливая Россия» зыфиIорэм идепутатхэм ТхьакIущынэ Аслъан аIукIагъ, Iофыгъо зэфэшъхьафхэм ахэр атегущыIагъэх.

***(Тикорр.).***

# Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм

ХэдзакIохэм яфедэхэм якъэгъэгъунэн ишъыпкъэу зэрэпылъым, муниципальнэ лIыкIо органхэм яхабзэхэр зэрэлъигъэкIуатэрэм ыкIи илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу гъэсэныгъэм иIоф зэрэфэлажьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тамыгъэу **«Закон. Пшъэрылъ. Щыфыгъ»** зыфиIорэр фагъэшъошагъ **Конова Нелли Федор ыпхъум,** муниципальнэ образованиеу «Мыекъопэ районым» инароднэ депутатхэм я Совет идепутат.

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу псэолъэшIыным зэрэхэлажьэрэм, хэдзакIохэм яфедэхэм якъэгъэгъунэн ишъыпкъэу зэрэпылъым ыкIи общественнэ-политикэ IофшIэным чанэу зэрэхэлажьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тамыгъэу **«Закон. Пшъэрылъ. Щыфыгъ»** зыфиIорэр фагъэшъошагъ **Ягъумэ Нухьэ Сулейман ыкъом,** ООО-у фирмэу «Гарантия» зыфиIорэм игенеральнэ директор.

* * *

Илъэсыбэ хъугъэу гуетыныгъэ фыриIэу Iоф зэришIэрэм, хэдзакIохэм яфедэхэр ишъыпкъэу къызэригъэгъунэрэм ыкIи общественнэ-политикэ IофшIэным чанэу зэрэхэлажьэрэм афэшI Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тамыгъэу **«Закон. Пшъэрылъ. Щыфыгъ»** зыфиIорэр фагъэшъошагъ **Барцо Аслъанчэрый Шумафэ ыкъом,** муниципальнэ образованиеу «Бжыхьэкъоежъ къоджэ псэупIэм» хэхьэрэ къуаджэу АдыгеякIэм иадминистратор.

Законностым игъэпытэн, цIыфхэм яфитыныгъэхэмрэ яфедэхэмрэ якъэухъумэн яIахь зэрахашIыхьэрэм ыкIи Мыекъопэ гарнизон дээ судыр зызэхащагъэр илъэс 15 зэрэхъурэм япхыгъэу Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Щытхъу тхылъ афагъэшъошагъ:

**— Чибизов Владимир Виктор ыкъом,** Мыекъопэ гарнизон дзэ судым итхьаматэ;

**— Подольский Роман Владимир ыкъом,** Мыекъопэ гарнизон дзэ судым исудья.

# Зэхэсыгъо иIагъ

**Гъэсэныгъэм исистемэ нахьышIу шIыгъэным пае рахъухьэгъэ Iофтхьабзэхэр зэзыгъэфэрэ Координационнэ советым тыгъуасэ зэхэсыгъо иIагъ.**

А лъэныкъомкIэ 2012-рэ илъэсым ашIэн фаем къытегущыIагъ АР-м гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ иминистрэу Беданыкъо Рэмэзан.

Ащ къыкIэлъыкIоу къэгущыIагъэх Адыгэкъалэ, Кощхьэблэ ыкIи Тэхъутэмыкъое районхэм ялIыкIохэр.

Красногвардейскэ районым иадминистрацие ипащэ иапэрэ гуадзэу Анна Федорко ипсалъэ 2011-рэ илъэсым федеральнэ бюджетым къикIи районым къыIэкIэхьэгъэ ахъщэр зэрагъэзекIуагъэм фэгъэхьыгъагъ. Ащ ыуж къэгущыIагъэх Мыекъуапэ иадминистрацие гъэсэныгъэмкIэ и Комитет ипащэу Любовь Дубовскаяр, Мыекъопэ районымкIэ Лариса Рыбалко ыкIи нэмыкIхэр.

Зэхэсыгъор зэрэкIуагъэр нахь игъэкIотыгъэу къыхэтыщтыщт.

***(Тикорр.).***

# Депутатхэм апай

Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм иябгъонэрэ зимычэзыу зэхэсыгъо 2011-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 12-м зэIугъакIэ.

Зимычэзыу зэхэсыгъом мы къыкIэлъыкIорэ Iофыгъохэм щатегущыIэщтых: Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ иполномочиехэр А. К. ТхьакIущынэм фэгъэзэгъэнхэр ыкIи В. М. Пословскэр Адыгэ Республикэм и Прокурорэу гъэнэфэгъэным дегъэштэгъэныр.

Зэхэсыгъор сыхьатыр 13.00-м Жуковскэм иурам тет унэу N 22-м зэхэсыгъохэр зыщыкIорэ Залышхоу хэтым щаублэщт.

**Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм и Тхьаматэу Федор ФЕДОРКО**

# Япшъэрылъхэр агъэцэкIэнхэм фэхьазырых

**Тигъэзет къызэрэхиутыгъэу, УФ-м и Къэралыгъо Думэ идепутатхэм яхэдзынхэу блэкIыгъэ тхьаумафэм щыIагъэхэм ауж партиеу «Единэ Россиемрэ» и Адыгэ шъолъыр къутамэ илIыкIохэу, ащ испискэ пэрытныгъэр щызыIыгъыгъэхэу АР-м псауныгъэр къэухъумэгъэнымкIэ иминистрэу Нэтхъо Разыет, АР-м и Парламент идепутатэу Ирина Ширинам ыкIи партием игъэцэкIэкIо комитет ишъолъыр къутамэ ипащэу АфэшIэгъо Рэмэзан пресс-конференцие къатыгъ.**

Пстэумэ апэу «Единэ Россием» цыхьэ фэзышIи зымакъэ фэзытыгъэхэм лъэшэу зэрафэразэхэр ахэм къыхагъэщыгъ. АфэшIэгъо Рэмэзан мы илъэсым игъэтхэпэ мазэ АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм идепутатхэм яхэдзынхэу щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэхэм къаригъэлпшэзэ, нэбгырэ мин 70-рэ фэдизкIэ нахьыбэу тыгъэгъазэм и 4-м щыIагъэм хэдзакIохэр зэрэхэлэжьагъэхэр, «Единэ Россием» зымакъэ фэзытыгъэхэр нэбгырэ мин 36-кIэ зэрэнахьыбэр къыхигъэщыгъ.

— Къэралыгъоми республикэми ащыпсэурэм янахьыбэм мы партием амакъэхэр зэрэфатыгъэхэм УФ-м и Президентрэ Правительствэм ипащэрэ рахьыжьэгъэ курсым зэрэдырагъаштэрэр къеушыхьаты, — къыIуагъ ащ.

Нэужым журналистхэм яупчIэхэм джэуапхэр къаратыжьыгъэх.

**УПЧIЭ: Адыгэ Республикэм кIэ УФ-м и Къэралыгъо Думэ идепутатэу кIощтыр хэта?**

АфэшIэгъо Рэмэзан: Законым къызэрэдилъытэрэмкIэ, хэдзынхэм кIэухэу афэхъугъэр гъэзетхэм къыхамыутэу ащ игугъу пшIын уфитэп. Тыгъэгъазэм и 9-м нахьыжъэу ар къэнэфэщтэп.

**УПЧIЭ: Бзылъфыгъэхэм зафэсэгъазэ, шъо шъуфэхьазыра ащ фэдэ пшъэрылъым?**

Нэтхъо Разыет: УФ-м и Къэралыгъо Думэ идепутат хъунымкIэ тикандидатурэхэр къызитэгъэуцохэ ащ фэдэ пшъэрылъ тапэкIэ зэрилъым тыфэхьазырыгъ. Адыгеим ибзылъфыгъэхэм я Союзэу сикандидатурэ къыдезгъэштагъэм сызэрэфэразэр къасIомэ сшIоигъу. Мары КощхьэблЭ районым ихэдзакIохэм япроцент 87-мэ, Шэуджэн районымкIэ процент 79-мэ, МыекъуапЭ ихэдзакIохэм япроцент 48-м... амакъэхэр «Единэ Россием» фатыгъэхэшъ, ахэм цыхьэу къытфашIыгъэр къэдгъэшъыпкъэжьыныр типшъэрылъ шъхьаI. Народнэ Фронтым ихэдзынхэр республикэм зыщекIохэм цIыфхэр зыгъэгумэкIыхэрэр, щыкIагъэу алъэгъухэрэр, хэкIыпIэу алъытэхэрэр къытлъагъэIэсыгъэхэшъ, ахэр къыдэтлъытэнхэ, зэрэдгъэгугъагъэхэр дгъэцэкIэжьынхэ фае. Адыгеим щыпсэухэрэр къэтымыгъэпцIэжьынхэм тыпылъыщт.

**УПЧIЭ: Нэтхъо Разыет сиупчIэ фэгъэзагъ. «Единэ Россием» районхэм мымакIэу процентхэр къызэращырихыгъэр мары къэпIуагъ. СыдигъокIи Адыгеим икъэлэ шъхьаIэ а процентхэр щыхэкIэх. Сыда о уишIошIыкIэ ар зытехъухьэрэр?**

Нэтхъо Разыет: Сэ сшъхьэкIэ сишIошI укъыкIэупчIэмэ... Партиехэм зэкIэми хэдзынхэм ахэлэжьэнхэу амал зэряIагъэр шъошIэ. Ахэм якъутамэхэу Адыгеим щыIэхэм япащэхэм районхэм анахьэу, республикэм икъэлэ шъхьаIэ нахь чанэу Iоф щашIагъэу пIони плъэкIыщт. Ащ нэмыкIэу... Непэ псэупIэ-коммунальнэ сферэм иIофыгъохэр анахьэу къэлэдэсхэр зыгъэгумэкIыхэрэм ащыщых. А Iофыгъор дэгъэзыжьынэу къэзыгъэгугъэгъэхэ партиехэм амакъэхэр афатыхи, ащкIэ яшIошIыхэр къыраIотыкIыгъэнхэкIи хъун. «Единэ Россиеми» псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым иIофыгъохэр къыухьагъэхэу пIон плъэкIыщтэп. Унэхэм гъэцэкIэжьынхэр яшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъэ программэм Iоф ешIэ, мымакIэуи шIуагъэ къеты. ПсэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым иIофыгъохэм ядэгъэзыжьын къыхиубытэу тарифхэмрэ уасэхэмрэ алъыплъэщт ГъэIорышIапIэ зэхащагъ. Ар нахь пхъашэу фэIо-фашIэхэм ауасэхэм алъыплъэн фае.

АфэшIэгъо Рэмэзан: УФ-м и Президенти Премьер-министрэми мызэу-мытIоу псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтым зэхьокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэмкIэ Фондым иIофшIэн зэрэлъигъэкIотэщтыр къаIуагъ. Мы программэм шIуагъэу хэлъыр цIыфхэм къыхагъэщых ыкIи ар нэрылъэгъу.

**УПЧIЭ: Партиеу «Единэ Россием» Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэ IэнатIэ зыгъэцэкIэщтымкIэ кандидатурищ къыгъэлъэгъуагъ. Президентым зыдиригъэштэрэ кандидатурэр законым тетэу, сыдигъуа АР-м и Къэралыгъо Совет — Хасэм къызыщагъэлъэгъон фаер? «Единэ Россием» ифракцие ащ дыригъэштэным фэхьазыра?**

АфэшIэгъо Рэмэзан: Партием и Апшъэрэ Совет и Президиум къыгъэлъэгъогъэ кандидатурэхэм Президентым къахихырэм фракцием дыригъэштэщт.

**УПЧIЭ: Коррупцием непэ гумэкIыгъо шъхьаIэу къэралыгъом илъхэм ащыщ. ПравэухъумэкIо органхэм япащэхэр зыхэлэжьэгъэгъэ видеоконференциехэм ащыщ социальнэ сферэм нахьыбэу коррупцием къыхахьэу къыщаIогъагъ. Сыда шъо шъуишIошIыкIэ, ащ хэпшIыхьэмэ хъущтыр?**

Ирина Ширина: АР-м и Парламент и Комитетэу социальнэ Iофхэм афэгъэзагъэм сыряпащэшъ, теубытагъэ хэлъэу къэсIон слъэкIыщт. Сыд фэдэ законопроекти экспертизэшо къызэпечы, хэзыгъэ имыIэу зэхафы, коррупцие лъэныкъори къыдалъытэ. Законопроектхэм Iоф адэзышIэщт рабочэ купэу Парламентым щызэхащэхэрэр ахэм лъэныкъо пстэумкIи ахаплъэх, защагъэгуазэ. Законыр зыфэгъэзагъэхэми дэмыхыхэу агъэцэкIэн фае.

Нэтхъо Разыет: Къыхэзгъахъомэ сшIоигъу... Законопроектхэм ямызакъоу, сыд фэдэрэ унашъуи, юристхэм зэхагъэуцуагъэми ары, экспертизэшхо къызэпечы, юстицием иорганхэм ащагъэунэфы, гъэзетхэм къыхауты. Арышъ, Адыгеим ис пстэуми ахэр зэрагъэшIэнхэ, ахаплъэнхэ, яшIошI къыраIотыкIын амал яI. Анахь зэлъашIэрэр я 94-рэ Федеральнэ Законыр ары.

**УПЧIЭ: Общероссийскэ Народнэ Фронтым иплощадкэхэм я 94-рэ ФЗ-м зэхъокIыныгъэхэр фашIынхэ фаеу зэрэщытми щытегущыIагъэх. Мы площадкэр хэдзынхэм япэгъокIэу зэхащэгъагъ. Шъо шъуишIошIыкIэ, ахэр зытекIыгъэхэ ужыми площадкэм мэхьанэ иIэжьыщта?**

Нэтхъо Разыет: Я 94-рэ ФЗ-м изакъоп площадкэм зыщытегущыIагъэхэр. Лъэпкъ проектхэми игъэкIотыгъэу атегущыIэгъагъэх, гущыIэм пае, «Псауныгъ» зыфиIорэм, ащ инвестициеу хэлъхьагъэ хъущтхэм. Народнэ Фронтым иплощадкэ «къыщежьагъэхэм» ащыщ «Земскэ докторыр». Сыда пIомэ партием ипащэ мызэу-мытIоу муниципальнэ образованиехэм ащыIагъ, къоджэ псэупIэхэм врачхэр зэрафимыкъухэрэм иIофыгъо къыпагъэхыгъ. Джы мары а гумэкIыгъом идэгъэзыжьын къэралыгъо пащэхэр дэлажьэх.

Ирина Ширина: Общероссийскэ Народнэ Фронтым иплощадкэхэм Iофыгъо зэфэшъхьафыбэхэм ащытегущыIэх, хэкIыпIэхэр нахь псынкIэу къащагъотых, япыткIэ зэдэгущаIэх. Арышъ, ар хэбзэшIу хъунэу тэгугъэ.

АфэшIэгъо Рэмэзан: Площадкэм пащэхэмрэ депутатхэмрэ ямызакъоу, рахъухьэрэр зыгъэцэкIэжьынэу зипшъэрылъхэри къарагъэблагъэх. Ахэр Iофыгъоу щыIэхэм нахь апэблагъэх, арышъ, ар зэрэзэшIопхыщтыр нахь тэрэзэу къаIон алъэкIыщт.

**УПЧIЭ: Нэтхъо Разыет фэгъэзагъ. «Земскэ докторым» игугъу къэпшIыгъ... Республикэр пштэмэ, тара районхэу анахьэу къоджэ врачхэр зыщымакIэхэр?**

Нэтхъо Разыет: Джэджэ, Красногвардейскэ ыкIи Шэуджэн районхэр арых. А Iофыгъом идэгъэзыжьын Федеральнэ Гупчэм имызакъоу, республикэри дэлажьэ. Бюджетым къыхэхыгъэ ахъщэкIэ непэ студенти 150-мэ медицинэ шIэныгъэ зэрагъэгъоты. Врач ныбжьыкIэхэм къоджэ псэупIэхэм Iоф ащашIэным пае псэукIэ амал тэрэзхэр яIэнхэм тыпылъ. Муниципальнэ образованиехэри ащ къыхэлэжьэнхэу рагъэжьагъ.

Пресс-конференцием икIэухым ащ хэлэжьагъэхэм «Единэ Россием» зымакъэ фэзытыгъэ хэдзакIохэм джыри зэ «тхьашъуегъэпсэу» къараIуагъ, цыхьэу къафашIыгъэр къагъэшъыпкъэжьыным зэрэпылъыщтхэм къыкIагъэтхъыгъ.

*ХЪУТ Нэфсэт.*

***

***ТыфэгушIо!***

***ТиIофшIэгъоу ЕмтIылъ Нурбый щытхъуцIэу «Адыгэ Республикэм изаслуженнэ журналист» зыфиIорэр къызэрэфагъэшъошагъэм пае тыгу къыддеIэу тыфэгушIо!***

***Псауныгъэ пытэ иIэу, итворческэ гъэхъагъэхэм ахигъэхъо зэпытэу джыри бэрэ лъэпкъым ишIуагъэ ригъэкIынэу тыфэлъаIо.***

**Гъэзетэу «Адыгэ макъэм» щылажьэхэрэр.**

***

# НыбжьыкIэхэр ухъумэгъэнхэр

Адыгэ Республикэм и Лъэпкъ библиотекэ Iоф зыдишIэрэ программэм къызэрэдилъытэу, «ЦIыфхэм яправовой культурэ зыкъегъэIэтыгъэнымкIэ» ыкIи «Адыгэ Республикэм щызэрахьэрэ мыхъо-мышIагъэхэр дэгъэзыжьыгъэнхэмкIэ» зыфиIоу 2012 — 2014-рэ илъэсхэм ателъытагъэмкIэ Iофтхьабзэхэр зэрагъэцакIэхэрэр зыщызэфахьысыжьырэ «Iэнэ хъурае» тыгъэгъазэм и 9-м щызэхащэ.

Правовой къэралыгъом ихэхъоныгъэкIэ, граждан обществэр псыхьагъэнымкIэ ыкIи Урысыем лъэпкъ зэгурыIоныгъэ ильынымкIэ нэбгырэ пэпчъ культурэшхо хэлъын фае.

Арэущтэу щымытэу мэхьанэ обществэмкIэ зиIэ принципхэр, закон шъхьаIэхэр тэрэзэу мыухъумагъэхэу, цIыфым ифитыныгъэ ыкIи ишъхьафитыныгъэ къыфэфедэхэу ыгъэпсынхэ ылъэкIыщтэп. Законностыр агъэпытэзэ, ныбжьыкIэхэм яправовой культурэ ыкIи яправовой зэхэшIыкI зыкъегъэIэтыгъэныр, анахь зигъо Iофыгъоу 2009-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу къыхагъэщыгъэу, агъэнэфагъэу Iоф зыдашIэхэрэм ащыщ.

Джырэ уахътэм пэрыохъубэ ныбжьыкIэ пIуныгъэм зэриIэм гу лъатэу, Iофтхьабзэм изэхэщакIохэр лIэужыкIэр гъогу тэрэз тещэгъэным дэлэжьэщт.

*МАМЫРЫКЪО Нуриет.*

***

# ШъушIэным пай

Электросетевой предприятиехэу, электроэнергиер аIэкIэзыгъэхьэрэ предприятиехэу Адыгэ Республикэм щызэхэщагъэхэм ятелефон номерхэр:

къалэу МыекъуапэкIэ — (8772)53-33-27 (ООО-у «Мыекъопэ ТЭЦ-м» иоперативнэ-диспетчер къулыкъу идежурнэ диспетчер, чэщи мафи Iоф ешIэ);

Джэджэ ыкIи Шэуджэн районхэмкIэ — (87779)9-14-40 (электрическэ сетьхэм Джэджэ районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

Красногвардейскэ районымкIэ — (87778)5-14-65 (электрическэ сетьхэм Красногвардейскэ районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

Кощхьэблэ районымкIэ — (87770)9-12-42 (электрическэ сетьхэм Кощхьэблэ районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

Мыекъопэ районымкIэ — (87777)2-24-51 (электрическэ сетьхэм Мыекъопэ районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

АдыгэкъалэкIэ ыкIи Теуцожь районымкIэ — (87772) 9-11-57 (электрическэ сетьхэм Теуцожь районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

Тэхъутэмыкъое районымкIэ — (87771)4-27-32 (электрическэ сетьхэм Тэхъутэмыкъое районымкIэ ядиспетчер пункт, чэщи мафи Iоф ешIэ);

ОАО-у «Кубаньэнерго» и Адыгэ электрическэ сетьхэм яоперативнэ-диспетчер къулыкъу ителефоныр: (8772) 54-48-96 (чэщи мафи Iоф ешIэ);

ОАО-у «Кубаньэнерго» и Адыгэ электрическэ сетьхэм «ялиние плъыр» ителефоныр: (8772)54-02-76 (сыхьатыр 8.00-м щегъэжьагъэу 17.00-м нэс мафэ къэс, шэмбэтымрэ тхьаумафэмрэ анэмыкIырэ мафэхэм, Iоф ешIэ);

ОАО-у «Кубаньэнергосбыт» и Адыгэ къутамэ «илиние плъыр» ителефоныр: (8772) 56-00-36 (сыхьатыр 8.00-м щегъэжьагъэу 17.00-м нэс мафэ къэс, шэмбэтымрэ тхьаумафэмрэ анэмыкIырэ мафэхэм, Iоф ешIэ).

***

# Сессиер къэсыгъ

**Студентхэм ямэфэ тхьагъохэр ыкIэм фэкIох. Семестрэ реным университет пчъэIупэм сэмэркъэухэу, кIэлэегъаджэхэм сэлам арахэу, ау урокхэм ачIэмыхьэхэу кафехэм ачIэсыгъэхэм якъэчэхыхьан рагъэжьэщт.**

Апшъэрэ еджапIэм шъубгъэкIэу студентхэр зэхэтхэу шъумылъэгъумэ е анэгухэр зэхэгъэхьагъэхэу гузажъохэу къышъуIукIэхэмэ, шъумыгъэшIагъо, ащ къикIырэр сессиер къэсыгъэшъ ары.

А уахътэр къызыскIэ студентхэр Iоф хэфэх. Джы яняэтэхэм араIощтым егупшысэнхэу рагъэжьэщт, урокхэр зэрэблагъэкIыщтыгъэмкIи лъэшэу рыкIэгъожьыщтых. КIэлэегъаджэхэм ялъэIухэу ауж итхэу, илъэсныкъом амытхыгъэр мэфэ заулэкIэ зэрагъэкIужьынэу ежьэщтых ыкIи уахътэ зэрямыIэм къыхэкIыкIэ университет пчъэIупэр нэкIыщт.

Ушъхьагъу гъэшIэгъонхэри къаугупшысыщтых: зым «сысымэджагъ», адрэм «чылэм сыдэсыгъ» аIощт. Ау ахэм ащыщ нэбгырэ зытIу ныIэп акIугъэр зэзыгъэшIэжьынышъ, къэзыIотэжьын зылъэкIыщтыр.

Ны-ты пэпчъ исабый шIу къыдэхъунэу, анапэ тырымыкIэу гъэшIэ дахэ къыкIунэу фай. Ащ пае мафэ къэс шъуилъфыгъэхэм шъуяупчIын, къалэм зыфэжъугъэкIуагъэхэр агу къэжъугъэкIыжь зэпытын фае.

*(Тикорр.).*

НАРКОМАНИЕР

# УIэгъэ лъэужынчъэ хъурэп



Мы адыгэ гущыIэжъыр сыгу къагъэкIыжьыгъ бэмышIэу гущыIэгъу сызыфэхъугъэ кIэлэ ныбжьыкIэхэм. ЩыIэныгъэм «идэхагъэ» мыхэм зэхашIэнэу зэрэрагъэжьэгъэгъэ шIыкIэм тхьамыкIагъоу къыздихьыгъэм, «нэфынэшхоу» псынкIэу зыхэхьэгъагъэхэм тIэкIу-тIэкIузэ зыхищэгъэхэ мэзэхэ мыухыжьым къыхэкIыжьынхэм илъэс пчъагъэу ыкъудыигъэр, апэкIэкIыгъэр къаIуатэ зыхъукIэ, уихэукъоныгъэ къыбгурыIожьыныр, ащ уеуцолIэжьынышъ, зыбгъэтэрэзыжьыным фэшI лъэбэкъу пшIыныр, узыфырикъужьыныр лIыгъэу плъытэн зэрэфаеми уегупшысэ. Ащ дыкIыгъоу «Алахьым тыщеухъум» умыIони плъэкIырэп. Сыда пIомэ псынкIэу цIыфыр, анахьэу зихэхъогъу ныбжьыкIэ цIыкIур, «зыIэкIэзыубытэрэ» наркотикым, ешъоным уаIэкIэкIыжьыныр зэрэкъиныр специалистхэм ямызакъоу, ежь ар зыушэтыгъэхэми ренэу къаIо. Нэбгырэ тхьапш илъэс къэс наркотикхэм якIодылIэрэр, унэгъо тхьапш, ныты тхьапш гумэкIыгъо, хьазаб хадзэрэр? Ахэм ачIыпIэ зы такъикъкIэ зибгъэуцомэ, наркотикыр IэкIыб зышIын зылъэкIыгъэ цIыфым, зыкIи ар къыпхэмытми, умышIэрэми угукIэ уфэрэзэщт, нэшIукIэ уеплъыщт.

Наркоманым тегущыIэхэу е ащ фэгъэхьыгъэу седжэу, е стхын фаеу хъугъэмэ, ренэу санэIу къеуцо ны егъэзыгъэу икIалэу наркотикым гъэры ышIыгъэм ар хэкIыжьэу зырigъажьэкIэ къинэу ылъэгъурэр, зэрэгуIэрэр, зэрэпцIымамэрэр фэмыщыIэхэу ежь-ежьырэу ежьэти, наркотик лъфыгъэм къыфэзыхьыщтыгъэр. Ащ нэмыкI хэкIыпIэ ным зэримыгъотыгъэмкIэ, ыкъо ихьадэгъу нахь къызэригъэблэгъагъэмкIэ зиумысыжьэу, ар къыфигъэгъунэу елъэIузэ, гужьыдэгъэкIэу ытхыгъ ар къызыщиIотэрэ письмэр, лъфыгъэр ащ зэремыджэжьышъущтыр ышIэщтыгъэми...

## «Псаунэгъэ зыдэлъ къал»

Джащ фэдэ цIэ зиIэ мыкоммерческэ организациеу наркотикхэр, ешъоныр IэкIыб зышIынхэу фаехэм IэпыIэгъу афэхъурэр, социальнэ реабилитацием тегъэпсыхьэгъэ программэмкIэ Iоф зышIэрэр 2010-рэ илъэсым ишэкIогъу мазэ къыщегъэжьагъэу Мыекъуапэ щэлажьэ. Мы организациер зыщыIэр зэкIэмкIи илъэсий хъугъэ. Ащ ыпэкIэ зэхащэгъэгъэ межрегиональнэ общественнэ организациеу «Исход» зыфаIощтыгъэм иустави, илэжьакIи зэхъокIыныгъэхэр зыфашIыхэм ыуж ащ иIофшIэн лъызыгъэкIотэгъэ организациеу мыр хъугъэ.

— Тиорганизацие тэщ фэдэу Урысыем итхэр зыхэхьэрэ союзым хэт, — еIо ащ идиректорэу Игорь Божко. — ЗэкIэми зы программэкIэ, зы методикэкIэ Iоф тэшIэ. А программэм специалистхэр дэлэжьагъэхэу щыт. Ащ изэхэгъэуцон къыхэлэжьагъэх наркологиемкIэ научнэ-ушэтыпIэ институтэу Москва дэтым иIофышIэхэр, экспертхэр. Джы а программэр къыхэтэуты, ащ тегущыIэх, авторскэ правэр тиенэу тхылъхэр тэгъэхьазырых. Программэр комплекснэу щыт, илъэси 2 — 3-м Iоф рыпшIэным телъытагъ. Ащ къыщыдэлъытагъэх наркоманым апэрэ зэIукIэгъу зэрэдыуиIэн ылъэкIыщт шIыкIэхэри, цIыфэу программэм тетэу узыдэлэжьагъэр ащ къыхэнэжьыным тегъэпсыхьэгъэ екIолIакIэри, ащкIэ IэубытыпIэу тшIын тлъэкIыщтыри.

Организацием ежь реабилитацие гупчэ иI, наркотикхэр IэкIыб зышIы зышIоигъохэу, диспансерым медицинэ IэпыIэгъу зыщагъотым ыуж социальнэ адаптацие акIуным фэшI программэм хэтэу зыдэлэжьэнхэу фаехэр ащ къэкIох. Игорь, а гупчэм идиректор, къызэриIорэмкIэ, мыхэм яIофышIэхэр, волонтерхэр арых ахэр къэзыгъотыхэрэр. Мыщ щылажьэхэрэм янахьыбэр наркоманыгъэх, ешъокIуагъэх. Арышъ, ахэм ашIэ ащ фэдэхэр къызыщыбгъотыщтхэр, узэрадэгущыIэщт «бзэри». ЗэкIэри къафаIуатэ, арагъэлъэгъу, IэпыIэгъу зэрафэхъущтхэр ашIошъ агъэхъуныр ахэмкIэ нахь IэшIэх. Ар реабилитацие программэм иапэрэ уцугъоу щыт — Iоф зыдашIэщтхэм якъыхэхын.

Программэу гупчэм Iоф зэришIэрэм иятIонэрэ уцугъор арэущтэу наркоманхэр къэзыгъотыхэрэр, социальнэ реабилитацием къыхэзыщэхэрэр (волонтерхэр) тыгъуасэ ежьхэм афэдагъэхэм, сымэджэщхэм медицинэ IэпыIэгъу щызыгъотыгъакIэхэм акIыгъухэу обществэм хэтхэу, наркотикхэр IэкIыб ашIыгъэхэу лэжьэнхэр ары. Арэущтэу ежьхэр щысэтехыпIэ хъухэзэ, акIуачIэ ар къызэрихьыщтым, наркотикым лъымыIэбэжьынхэ зэралъэкIыщтым шIошъхъуныгъэ нахь фыряIэ, нахь цыхьэ зыфашIыжьы мэхъу.

«Псаунэгъэ зыдэлъ къал» зыфиIорэ организацием зэпхынэгъэ дыриI наркологие диспансерым, яIофшIэнкIэ акъылэгъу зэфэхъужьых.

— Диспансерым чIэлъ наркоманхэм таIукIэнымкIэ, тадэгущыIэнымкIэ пэрыохъу къытфэхъухэрэп медикхэр, — къеIуатэ Игорь. — Мы медицинэ учреждением къычIахьэхэрэм алъэгъунэу тигупчэ фэгъэхьыгъэ информационнэ стенди ащ чIэт, тиIофшIэн нэIуасэ фэхъунхэ алъэкIы. Диспансерым медицинэ IэпыIэгъу зыщагъотыхэкIэ, ахэм ащыщхэр тадэжь къакIохэшъ, социальнэ реабилитациемкIэ программэм хэдгъэхьанхэшъ, наркотикхэм алъымыIэбэжьынхэмкIэ тишIуагъэ ядгъэкIынэу къытэлъэIух ыкIи тигуапэу тадэлажьэ. Тэ медицинэ лъэныкъом тыхахьэрэп, ары Iэзэн Iофтхьабзэхэм ауж цIыфыр тэ гупчэм къызыкIедгъэблагъэрэр. Ау тигупчэ щыIэм медицинэ IэпыIэгъу ищыкIагъэ хъумэ, сымэджэщым тэщэ. Тэ социальнэу ыкIи психологическэу цIыфыр зыпкъ итыныр ары тызыдэлажьэрэр.

## Реабилитацир зэрэкIорэр

— Пстэуми апэу цIыфэу тадэжь къэкIуагъэм программэу Iоф зэрэтшIэрэр къыфэтэIуатэ, — еIо Игорь, — гупчэм щыIэхэм щыIэкIэ-псэукIэ шапхъэу яIэм, хабзэ щыхъугъэ шIыкIэзекIуакIэхэм, уахътэу мыщ узэрэщыIэн фаем ащытэгъэгъуазэ. Арэущтэу зыкIэтшIырэр цIыфыр мыщ къэкIощткъэмыкIощтым фэгъэхьыгъэ унашъо ышIыным ыпэкIэ иунагъо исхэми, ежьыми а Iофым фэгъэхьыгъэу тапэкIэ зэрихьылIэщтыр зэкIэ ашIэн фае, нэужым зэмыжэгъэхэ, зыщымыгъозэгъэхэ горэм ыпкъ къикIыкIэ, икъоу информацие зэрэлъытымыгъэIэсыгъэм къыхэкIыкIэ наркоманыр программэм хэмыкIыжьыным фэшI.

Гупчэу социальнэ реабилитацие наркоманхэм зыщарагъэхьын алъэкIырэр, И. Божко зыдиректорыр, Мыекъуапэ дэт. Ау тигущыIэгъу къызэриIорэмкIэ, республикэм щыпсэурэ цIыф мыхэм адэжь къызыкIокIэ, нэмыкI къалэ (Ростов хэкум, Подмосковьем) щыIэ ащ фэдэ гупчэм агъэкIоныр нахь тэрэзэу алъытэ. Мары икIыгъэ илъэсым ишэкIогъу мазэ къыщегъэжьагъэу нэбгырэ 37-рэ мыхэм гупчэ зэфэшъхьафхэм агъэкIуагъ. Ахэтых ахэм адыгэхэри.

— Иныбджэгъухэм, ар зыхэтыгъэ купым цIыфыр ахэщыгъэным, нахь апэчыжьэ шIыгъэным ишIуагъэ къызэрэкIорэр тыушэтыгъэ, — еIо тигущыIэгъу. — Ары иунэ нахь пэчыжьэу социальнэ реабилитациер едгъэхьыным тызыкIыпылъыр. Арэущтэу тIэкIу-тIэкIоу щыIэныгъэм хэуцожьынхэм пстэуми апэу IэпыIэгъушIу фэхъурэр «наркоман» е «ешъуакIо» аIозэ, тамыгъэ гъэнэфагъэу цIыфым телъыгъэр чIыпIакIэм къызэрэщырамыIорэр ары. А къалэм щыпсэухэрэм афэдэу ежьыри гупчэм щэлажьэ, пшъэрылъэу иIэхэр егъэцакIэх. Тиорганизацие Урысыем ичIыпIэ зэфэшъхьафхэм Iоф ащешIэ, ащ стационар реабилитационнэ гупчи 7-мэ, консультационнэ пункт 13-мэ яIофшIэн зэхещэ, ахэм чIыпIи 150-м ехъу яI. Мыхэм непэ ащылажьэхэрэр а гъогур зыкIугъэхэр, медицинэ IэпыIэгъу зарагъэгъотым ыуж социальнэ реабилитацие гупчэхэм ащызыхьыгъэхэу, тапэкIи а гъогум тетынэу, нэмыкI цIыфхэу ащ фэдэ чIыпIэ итхэм IэпыIэгъу афэхъунэу фаехэр арых. Ахэм зэкIэми пшъэрылъ гъэнэфагъэхэр афэтэшIых, Iоф зэрашIэрэм тылъэплъэ, етIанэ гупчэ зэфэшъхьафхэм тэгъакIохэшъ, илъэс-илъэсрэ ныкъорэ фэдизрэ Iоф къащашIэ, шъхьафитэу обществэм хэтынхэм иамал ятэгъэгъоты, ащ етэгъэсэжьых.

Гъэнэфагъэ наркотикхэм «атесыгъэм», ахэр ымыгъэфедэжьыхэ хъугъэми, ар щыгъупшэн амал шIэхэу къызэрэримытырэр, бэрэ узым джыри «зыкъызэригъэлъагъорэр». Ар ыгу къэкIыжьын фаеу цIыфыр чIыпIабэ ифэн ылъэкIыщт, анахьэу IофшIапIэ Iухьан хъумэ. Наркодиспансерым иучет цIыфыр зыхахыжьырэр илъэси 5-м къыкIоцI зыпари ымыгъэфедагъэу, «къабзэу» хэтыгъэмэ ары. ЕтIани наркоманхэм ащыщыбэм хьапси ателъыгъ, арышъ, IофшIапIэм ахэр аштэнхэм ыпэкIэ къэбарэу апылъыр пащэм зэригъэшIэныр къин къыщыхъурэп. Обществэми щыгъупшэрэп ахэр зыфэдагъэхэр, «наркоман», «ешъуакIу», «тыгъуакIу» зыфэпIощтыр бэрэ аужкIэ акIэлъаIожьы. Ахэм афэдэ къиныгъохэм арихьылIэрэ цIыфымкIэ лъэшэу щынагъо наркотикхэр къыштэжьынхэр, ешъоным пидзэжьыныр. Ары мы организацием епхыгъэ гупчэхэм социальнэ лъэныкъом нахь анаIэ зыкIытырагъэтырэр. РеабилитациеР зыкIугъэхэм IофшIапIэхэр къафагъотынхэм фэшI ежьхэм псэолъэшI артель цIыкIухэр, фермерскэ хъызмэтшIапIэхэр, сатыушIыпIэ предприятиехэр зэхащэх, цIыфэу Iоф зыдашIагъэхэр обществэм пытэу хэуцонхэм ахэр иамалышIух. Ахэм ащыщыби ежь гупчэу зыдэщыIагъэхэм яIофышIэхэуи, лэжьапкIи яIэу, къэнэжьыхэу мэхъу. А гъогур къакIугъ тигущыIэгъу кIалэхэм — организациеу «Псаунэгъэ зыдэлъ къал» зыфиIорэм идиректорэу Игорь Божко ыкIи мыщ ипресс-къулыкъу ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэхэрэ Константин Зориным.



## «ЩыIэнэгъэ «дахэм» изы Iахьэу къысшIошIыщтыгъ»

Ары, наркоман хъухэрэр унэгъо тхьамыкIэхэм ащапIугъэхэу, ны-ты ешъуакIохэм къахэкIыгъэхэу зыщытыщтыгъэ лъэхъаныр бэшIагъэу текIыгъ. Джы щыIэкIэ дэгъу зиIэ унэгъуабэм, ны-ты гъэсагъэхэу, IэнэтIэшхохэр зыIыгъхэм якIалэхэм ащыщыбэ наркоман зэрэхъухэрэр тэлъэгъу.

— Илъэси 10-кIэ узэкIэIэбэжьымэ, мыщ фэдэ гупчэу Краснодар дэтым сэри зыфэзгъэзэгъагъ, — къеIуатэ Игорь. — Ары сызыщыпсэущтыгъэр. 2001-рэ илъэсым ар апэрэ гупчэу къызэIуахыгъагъ. Ащ реабилитациер зыщысэкIум ыуж программэу гупчэм Iоф зэришIэрэм тапэкIи сырыгъозэным фэшI ащ (программэм — **Ж.А.**) сыкъыхэнагъ, гъэсэныгъи зэзгъэгъотыгъэу мыщ Iоф щысэшIэ. Гупчэм сызэкIом илъэсиплI «стаж» сиIагъ, героин зыхаслъхьэщтыгъ. Сянэ-сятэхэр цIыф гъэсагъэх, унэгъо дэгъу сыкъызэрыхъухьагъэр, зыми сыщымыкIэу сыкъэтэджыгъ. ЕджапIэр ары наркотик «псынкIэхэр» згъэфедэхэу зыщезгъэжьагъэр, нэужым чэщ клубхэм нахьыбэрэ сачIахьэ хъугъэ, нахь куоу сыхэхьагъ, синыбджэгъухэри, щыIакIэу сиIэри зэкIэ псынкIэу зэблэхъугъэ хъугъэ. Ау сыдигъуи къызгурыIощтыгъ, зэхасшIэщтыгъ сищыIэныгъэкIэ нэмыкI гъогу къыхэсхын зэрэфаер, IофышIухэр сиамал къыхьынхэу зэрэщытыр, сянэрэ сятэрэ агу щышIэрэмкIэ сызэрэмысэр. Лъэшэу сыхэукъощтыгъ сызыщыфэе лъэхъаным наркотикыр IэкIыб сшIын слъэкIыщтэу къызэрэсщыхъущтыгъэмкIэ. Героиныр зызыхаслъхьэрэр илъэс хъугъагъэ сэр-сэрэу сызыфырикъужьын зэрэсымылъэкIыщтыр къызызгурэIом. Ащ лъыпытэуи сызэIэзэжьыным ыуж сихьагъ. Силэгъу кIэлабэмэ наркотикыр къаштэным ушъхьагъу фэхъугъэр джа дискотекэхэм, чэщ клубхэм щыIэкIэ «дахэм», модэм изы Iахьэу ар къызэрэщыпщагъэхъущтыгъэр, егъэзыгъэ Iоф хэмылъэу, тIэкIу-тIэкIузэ узэрэзыIэпащэрэр ары. Ащ къыкIэлъыкIорэр нэужыр ары къызыбгурыIорэр.

*(ИкIэух я 4-рэ н. ит).*

# УIэгъэ лъэужынчъэ хъурэп



*(Я 3-рэ нэкIубгъом къыщежьэ).*

Константин Зориным а гъогу дэдэр ары къыкIугъэр. Илъэс 14 ныIэп ащ ыныбжьыгъэр апэрэу наркотикыр «зеушэтым». Наркотик «псынкI» зыфаIохэрэр ары зэрэригъэжьэгъагъэр, ау чIидзыжьынхэ ылъэкIыгъэп, нахь куоу хахьэу ыублагъ...

— 2006-рэ илъэсым къыщегъэжьагъэу 2009-м нэс наркоман шъыпкъэу, «наркозависимый» зыфаIорэм фэдэу сыхъугъ, синыбжьыкIэгъу илъэсхэр слъэгъузэ «стыщтыгъэх», ахэм адакIощтыгъ дэхагъэу, дэгъугъэу схэлъыгъэр зэкIэ. 2010-рэ илъэсым ищылэ мазэ, диспансерым сыкъызычIэкIыжьым ыуж, мы гупчэм зыфэзгъэзагъ, реабилитациери скIугъэ, джы тиорганизацие игупчэу Мыекъуапэ дэтым сыщэлажьэ, илъэситIу хъугъэу программэу зигугъу къэтшIыгъэм сыхэт. Сэ Ейскэ сыщыщ, сичыIэгъухэм ащыщхэри непэ Мыекъуапэ щыIэх, социальнэ реабилитацие зыкIухэрэри ахэм ахэтых, гупчэм иштат щыщэу Iоф зышIэхэрэри щыIэх.

ТигущыIэгъухэм мызэу, мытIоу къыхагъэфагъ наркотик «псынкI», наркотик «хьылъ» аIозэ. Ау специалистхэм бэрэ къаIо наркотик «псынкIэ» щымыIэу. Ащ фэгъэхьыгъэу Игорь къыIуагъэм Iофыр зытетыр нахь къыдгуригъэIуагъ. ЗэкIэ зэлъытыгъэр цIыфым иорганизмэ ащ зэрарэу рихырэр зыфэдизыр ыкIи ар (организмэр) зэщигъэкъоным уахътэу ыкъудыирэр ары «псынкIэр» е «онтэгъур» зэлъытыгъэр. Ащ нэмыкIэу, цIыфыр наркотикым зэресэрэмкIи «псынкIэ» е «онтэгъу» аIозэ зэтырафы.

— ГущыIэм пае, — еIо Игорь, — кIэпым цIыфыр психологическэу епхыгъэ мэхъумэ, опиумхэм узахахьэкIэ, физическэуи узэлъаубыты. Джары наркотик «псынкIэр» е «онтэгъур» зэрэзэтепфыщтыр. КIэкIэу къэпIон хъумэ, щыIэп наркотик «псынкIи» «онтэгъуи», уищыIэныгъэ ыкIэм къыфэкIоным пае уахътэу ахэм къыатырэр ары зэрэзэтекIыхэрэр.

## Наркоманиер — уз гъэтIылъыгъ

КIалэу гущыIэгъу тшIыгъэхэм, ахэм къаIотагъэхэм сакъыпкъырыкIызэ сыкIэупчIагъ специалистхэм «наркоманыгъ» зыфаIорэр зэрамыштэрэм, «бывших наркоманов не бывает» аIозэ, къызэрэхагъэщырэм ежьхэр еуцуалIэхэмэ.

— Наркоманиер — уз гъэтIылъыгъ, — еIо Игорь. — Ау узыфэсакъыжьмэ, «наркоманыгъ» аIоным укъыфэкIон плъэкIыщт. Наркодиспансерым иучет цIыфыр къызыхатхыкIыжьырэр, къызэрэтIуагъэу, илъэситфым къыкIоцI ахэм ащыщ ымыгъэфедагъэу щытмэ ары. Ащ ыуж ар еджэни, Iоф ышIэни, рулым кIэрытIысхьани фит, ары пакIошъ, Iашэ ыIыгъыным ифитыныгъи къыратын алъэкIыщт. Ау ахэр зэкIэ зы мафэкIэ, зы такъикъкIэ цIыфым чIинэжьынхэ ылъэкIыщт, сыда пIомэ чIыпIэ къин ар ифэу е ежь зэрэфаеу, зэрэгугъэщтыгъэу ищыIэныгъэ зэпымыфэ зыхъукIэ, иакъыл «къогъум къыкъуехы» ащ фэдэ гумэкIыгъохэр «пщызыгъэгъупшэнхэ», непэрэ щыIэныгъэм пэIапчъэ узышIын амал зэрэщыIэр. Джащыгъум цIыфыр зызыфыримыкъухьыкIэ, Iофыр дэи, джырэ нэс зыпылъыгъэр пкIэнчъэ мэхъу. Джары «наркоманыгъ» специалистхэм зыкIамыIорэр — а щынагъор сыдигъуи ащ къызэрэдекIокIырэр ары. МыешъуакIор, мынаркоманыр чIыпIэ къин ифэмэ, ыщыIэщт, хэкIыпIэхэм алъыхъущт, адырэм ышIэщтыр къэшIэгъуае, щэIагъэ имыIэ хъумэ, мыгупшысэмэ, пэкIэкIыгъэм десэ химыхыгъэ хъумэ.

— Ащ фэдэ о къыохъулIагъа, узыфырымыкъужьэу наркотикыр къэпштэжьэу хъугъа? — теупчIы Игорь.

— Ары, илъэсырэ наркотикхэм салъымыIэбагъэу, мы гупчэм сыкъэкIогъакIэу ар къысэхъулIагъ. Илъэси 3-м тельытэгъэ реабилитацие программэм сыхэкIыжьыным сызэрэдэгуIагъэм иягъэ къысэкIыгъ. Илъэсым къыкIоцI къэмыштагъэмэ, тапэкIи ащ укъыфэмыкIощт гупшысэр пшъхьэ къехьэ, уицыхьэ зытельыжьэу, щыIэныгъэм пытэу ухэуцожьыгъэу къыпщэхъу, ау а уахътэр мэкIаIо, арэущтэу ор-орэу зыогъэпцIэжьы ныIэп. Апэ тутыныр къэсштэ, етIанэ зыгорэхэм уяшъо, зэкIэ икIэрыкIэу къызэкIэлъэкIожьы... Шъоущыгъу уз зиIэр ышхыщтымкIэ зэрэзыфэсакъыжьын фаем фэдэу наркоманэу зэIэззэжьыгъэм сыдигъуи «диетэ» гъэнэфагъэ ыIыгъын фае, блэкIыгъэм къыфимыгъэззэжьыным фэшI. Ащ ищыкIагъ кIуачIи, щэIагъи. Джары уз гъэтIылъыгъэм «зыкъимыгъэлъэгъоным» пае илъэшэу Iоф зыдэпшIэжьын, лъэбэкъоу пшIырэм лъэшэу уфэсакъын зыкIыфаер.



ТигущыIэгъу къызэриIуагъэмкIэ, бэмышIэу мыхэм ягупчэ къэкIуагъ диспансерхэм медицинэ IэпыIэгъу ащызыгъотыгъэ, наркотикхэм къафэзымыгъэззэжьы, социальнэ реабилитацие зыкIу зышIоигъо нэбгырэ 16. Ахэм илъэс 25 — 30 аныбжьыр.

— Джы наркоманиер «нахь ныбжьыкIэ» хъугъэ, — еIо Игорь. — Илъэс 25-рэ зыныбжь наркоманым ищыIэныгъэ ыкIэм фэкIо, гугъапIи иIэжьэп. Ащ ыпэкIэ хьун зэрэщымыIэр къызыгурыIорэр, ищыIакIэ нэмыкIэу зыгъэпсы зышIоигъор ары тадэжь е нэмыкI чIыпIэ IэпыIэгъу щыгугъэу къакIорэр. Медицинэм ылъэныкъокIэ специалистхэм Iэзэн Iофтхьабзэу наркоманым дызэрахьагъэр гъэпытэгъэным, щыIэныгъэм тIэкIу-тIэкIоу цIыфыр хэуцожьыным тэ Iоф дэтэшIэ.

Гупчэм Iоф ышIэным, штатым хэтэу ащ щылэжьэну къанэхэрэм лэжьапкIэ ятыгъэным, гъомылапхъэм апэIухьэрэ ахъщэр къызыдикIырэм тызыкIэупчIэм директорым къызэриIуагъэмкIэ, мы лъэхъаным мылъкоу зэрэщыIэхэр мыщ къэкIорэ, программэу Iоф зэрашIэрэм къыхэнэнэу фаехэм яIахьылхэм, янэ-ятэхэм къатырэ ахъщэр ары.

— ШIушIэ IэпыIэгъу къытатэуи мэхъу, — еIо директорым, — ау ар макIэ къызэрэхъурэр. Тигупчэ щыIэхэм яIахьылхэм анахьыбэу мазэм къыкIоцI къатырэр сомэ мини 6, зы мафэм — сомэ 200. Ар бэп, угу зыфэгъурэ цIыфым уишIуагъэ ебгъэкIы пшIоигъомэ ыкIи ахэм Iоф адэшIэгъэным тэ кIуачIэу тедгъэкIуадэрэр къыдэплъытэмэ. ЫпкIэ хэмылъэу реабилитацие зыщахьырэ гупчэхэм Iоф ащарагъашIэзэ, ахъщэ къарагъэгъахъэ, трудотерапием нахь зыфагъазэ. Тэ нэмыкI шIыкI къыхэтхыгъэр. Мэфэ псаум хэти ышIэщтыр гъэнэфагъэ. Занятиеу нэбгырэ пэпчъ ыкIи зэхэтхэу ядгъэхьыхэрэм ауж цIыфыр ипшъэрылъхэм ауж ехьэ: зым неущ занятиехэр аригъэхьынхэу къынэсыгъэшъ, зегъэхьазыры, адрэр къалэм макIо гупчэм ищыкIэгъэ гъомылапхъэхэр, нэмыкIхэр къыщэфынхэу. Тыгъуасэ наркоманыгъ, непэ ахъщэ ратышъ, цыхьэ фашIышъ, къалэм агъакIо, ащи цIыфым ипсихологиекIэ мэхьанэ иI. ЗэдэгущыIэгъухэр, тестированиер — зэкIэми ашIэн агъоты. Нэбгырэ пэпчъ ышъхьэ иIоф ышIэжьыным (ищыгъынхэр ыукъэбзынхэм, зигъэпсэфыным, рэхьатэу гупшысэным) фэшI мафэм сыхьатрэ ныкъорэ фэдиз къыхэтэгъэкIы. ТызэхэтэуIэшIэкIэпсэукIэ мыщ зэрэщыкIощтыр зэтэгъафэ, тишIэныгъэ хэдгъэхъоным, обществэм чIыпIэ щытыубытыным, пстэуми афэдэу ащ тыхэтыным, тылъэжьэным, тыпсэуным зыфэтэгъэсэжьы. БэмышIэу тадэжь щыIагъ наркотикхэр хэбзэнчъэу гъэфедэгъэнхэм пэуцужьыгъэнымкIэ комиссиеу республикэм щызэхащагъэм хэтхэр, тигупчэ щыIэ ныбжьыкIэхэм гущыIэгъу афэхъугъэх.

## Ны-тыхэм ахэм гу алъатэн фае

Мы кIалэхэм гъогоу къакIугъэм, непэ Iофэу зыпылъым къапкъырыкIыхэзэ, еджапIэхэм ачIэс кIэлэцIыкIухэм, ныбжьыкIэхэм гущыIэгъу афэхъухэмэ, аIокIэхэмэ сIуи Игорь сызэупчIым, къыIуагъэм десымыгъэштэн слъэкIыгъэп.

— ТэкIо, — еIо ащ, — ау ащ фэдэ профилактикэ IофшIэным джыдэдэм игъэкIотыгъэу тегущыIэх, шIуагъэ къэзыхьыщт IофшIэныри, зигъэ къэкIон ылъэкIыщтыри нахь куоу зэхэфыгъэным фэшI. Адэ шъуегупшыси: еджапIэм къэкIох «наркоманыгъэ» кIалэхэр. Дэгъоу фэпагъэх, дахэу къэгущыIэх ыкIи къаIо унаркоманыныр зэрэдэир, уипсауныгъэ ащ щынэгъо чIыпIэ зэрэригъэуцорэр. Ау кIэлэцIыкIухэм къахэкIыщт тэ къинэу тлъэгъугъэр, алъыдгъэIэсы тшIоигъор анэмысэу, непэ тызытетым нахь зынаIэ тезыдззэщтхэр, «Шъо шъуигъэлIагъэп ныIа, чIэшъуздызжьыгъэба? Арышъ, тэри арэущтэу тшIын тлъэкIыщт, тызыщыфаем тыкъэуцужьыщт» зыIонхэр. Ау ахэм джыри къагурыIорэп



зэкIэми ар зэраIорэп, ау къызыдэхъурэр зэрэмэкIэ дэдэр, екIодылIэрэр бэкIэ зэрэнахьыбэр. Сэ къызэрэсшIошIырэмкIэ, мыхъункIэ бэрэ зигугъу тшIырэри рекламэ мэхъу. Мары, гущыIэм пае, эстрадэм ижъуагъохэм дэикIэ ягугъу ашIы хъуми зыпари аIорэп, атерэгущыIэх, сыд фэдэу хъугъэми, ацIэхэр цIыфхэм бэрэ зэхахых, ащыгъупшэхэрэп. Джащ фэд наркотикхэмкIи зэрэхъурэр — дэеу ащ пылъыр зэкIэкIошъ, гущыIэр къэнэ.

Сэ теубытэгъэ пытэ хэлъэу къэсIон слъэкIыщтыр ны-тыхэр, кIэлэегъаджэхэр кIэлэцIыкIухэм нахь тэрэзэу альыплъэхэмэ, наркотик зыгъэфедэ хъугъэр псынкIэу къашIэн зэралъэкIыщтыр ары. Ащ изекIуакIэ, игущыIакIэ, ынэхэри зэблэхъугъэхэ мэхъух, джынэс ымыIыгъыгъэ пкъыгъо горэхэри, Iэзэгъу уцхэри еолъэгъулIэх. Адэ, сыда кIэлэцIыкIу псаоу зыми ымыгъэгумэкIырэм нэм кIагъэткIорэ Iэзэгъу уцыр зэрищыкIагъэр? Наркотик зыгъэфедэрэм ынэхэр плъыжьы мэхъухэшъ, ар кIегъаткIо. Арышъ, апэрэ одыджыныр къытеуагъэкIэ лъытэ, лъыплъ уилъфыгъэ. Ушъхьагъу имыIэу чэфынчъэмэ, е илыягъэу чэфымэ, е губжыпхэ хъугъэмэ — мыхэм зэкIэми унаIэ атебдзэн, лъапсэу иIэр бгъэунэфын фае. Ахэм афэгъэхьыгъэу ны-тыхэм зэIукIэхэр афашIыхэзэ адэгущыIэнхэ альэкIыщт кIэлэегъаджэхэри, специалистхэри.

Непэ зигугъу къэтшIыгъэ кIэлэ ныбжьыкIэхэм яхэукъоныгъэ зыдашIэжьыгъэу гъогу занкIэ тетыхэу къытшIошIы. Шъыпкъэр пIощтмэ, ежьхэм къызэрэхагъэщэу, неущ къарыкIощтыр къэшIэгъуае, ау ахэм дэгъоу къагурэIо — зэкIэ ежьхэм аIэ илъ, акIуачIэ, яззэшIыкI елъытыгъ ящыIэныгъэ тапэкIэ зэрэкIощтыр. ТафэлъаIо тшIоигъу щэIагъэ къызыхагъэфэнэу, зэкIэмыкIонхэу, гъогоу хахыгъэм пытэу тетынхэу.

*ЖАКIЭМЫКЪО Аминэт.*

Сурэтхэм арытхэр: **организациеу Мыекъуапэ щызэхэщагъэм идиректорэу Игорь Божко; пресс-секретарым ипшъэрылъхэр зыгъэцэкIэрэ Константин Зориныр; социальнэ реабилитацие зыщахьырэ гупчэм иIофышIэхэм ащыщхэм языгъэпсэфыгъо уахътэ зэрагъакIорэр.**

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иунашъу

**Социальнэ фэІо-фашІэхэмкІэ гупчэхэм цІыфхэм ясоциальнэ фэІо-фашІэхэр ащыгъэцэкІэгъэным тегъэпсыхьэгъэ къэралыгъо фэІо-фашІэр зыфэдэн фаемкІэ шапхъэхэр ухэсыгъэнхэм ехьылІагъ**

Къэралыгъо фэІо-фашІэхэр нахьышІоу зэхэщэгъэнхэм тегъэпсыхьагъэу, Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэм юридическэ, физическэ лицэхэм къэралыгъо фэІо-фашІэхэр зэрафагъэцэкІэн фаемкІэ шапхъэхэр къызэрэхахырэ ШІыкІэу Адыгэ Республикэм и Министрэхэм я Кабинет 2009-рэ илъэсым тыгъэгъазэм и 28-м ышІыгъэ унашъоу N 249-р зытетымкІэ аухэсыгъэм диштэу **унашъо сэшІы:**

1. Социальнэ фэІо-фашІэхэмкІэ гупчэхэм цІыфхэм ясоциальнэ фэІо-фашІэхэр ащыгъэцэкІэгъэным тегъэпсыхьэгъэ къэралыгъо фэІо-фашІэр зыфэдэн фаемкІэ шапхъэхэр гуадзэм диштэу ухэсыгъэнхэу.

2. ЦІыфхэм ясоциальнэ фэІо-фашІэхэр зыгъэцэкІэрэ гупчэхэм ядиректорхэм мы шапхъэхэм адиштэу яІофшІэн зэхащэнэу.

3. Экономикэмрэ финансхэмрэкІэ отделым ипащэу Г. А. Митрофановым, социальнэ фэІо-фашІэхэм афэгъэзэгъэ учреждениехэмкІэ отделым иконсультантэу Ф. М. ПІатІэкъом цІыфхэм ясоциальнэ фэІо-фашІэхэр зыгъэцэкІэрэ гупчэхэм якъэралыгъо заданиехэр зэхагъэуцохэ зыхъукІэ мы унашъор Іэубытыпіэ къызфагъэфедэнэу.

4. Къэбар-правовой отделым ипащэу О. В. Долголенкэм мы унашъор Урысые Федерацием исубъектхэм яшэпхъэ правовой актхэм яфедеральнэ регистрэ хагъэхьаным ыкІи гъэзетхэу «Советскэ Адыгеим», «Адыгэ макъэм», мазэ къэс къыдэкІырэ сборникэу «Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэм» къащыхэутыгъэным апае аІэкІигъэхьанэу.

5. Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шышъхьэІум и 30-м ышІыгъэ унашъоу N 259-р зытетэу «Зыныбжь хэкІотагъэхэм ыкІи сэкъатныгъэ зиІэхэу зышъхьэ зезымыхьажьышъухэрэм ядэжь кІохэзэ социальнэ фэІо-фашІэхэр афызэхэщэгъэным тегъэпсыхьагъэу Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениехэм къэралыгъо фэІо-фашІэхэр зэрагъэцэкІэн фаемкІэ шапхъэхэр ухэсыгъэнхэм ехьылІагъ» зыфиІорэм кІуачІэ имыІэжьэу лъытэгъэнэу.

6. ЗыкІатхэхэрэм щегъэжьагъэу мы унашъом кІуачІэ иІэ мэхъу.

7. Мы унашъор зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъысфынэу сшъхьэкІэ зыфэсэгъазэ.

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэу*
***Наталья ШИРОКОВА***

къ. Мыекъуапэ,
чъэпыогъум и 17, 2011-рэ илъэс
N 255

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм ІофшІэнырэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым мэкъуогъум и 30-м ышІыгъэ унашъоу N 150-р зытетэу «Гухэлъ гъэнэфагъэ зиІэ ведомствэ программэу «Адыгеим икІэлэцІыкІухэр» зыфиІоу 2012 — 2014-рэ илъэсхэм ателъытагъэм ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Бюджет мылъкур нахь шІуагъэ къытэу гъэфедэгъэным фэшІ **унашъо сэшІы:**

1. Гухэлъ гъэнэфагъэ зиІэ, 2012 — 2014-рэ илъэсхэм ателъытэгъэ ведомствэ программэу «Адыгеим икІэлэцІыкІухэр» зыфиІоу Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым мэкъуогъум и 30-м ышІыгъэ унашъоу N 150-р зытетымкІэ аухэсыгъэм мыщ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэу:

1.1. Гухэлъ гъэнэфагъэ зиІэ ведомствэ программэм ипаспорт исатырэу «Гухэлъ гъэнэфагъэ зиІэ индикаторхэр» зыфиІорэм хэт пчъагъэу «180»-р пчъагъэу «185»-кІэ зэблэхъугъэнэу;

1.2. Я 3-рэ разделым играфахэу «2012-рэ илъэсым», «2014-рэ илъэсым» зыфиІохэрэм ахэт пчъагъэхэу «55-р», «60»-р пчъагъэхэу «60»-кІэ ыкІи «65»-кІэ зэблэхъугъэнэу.

2. Къэбар-правовой отделым ипащэу О. В. Долголенкэм унашъом зыкІатхэхэрэм щегъэжьагъэу мэфи 5-м къыкІоцІ:

— мы унашъор Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ исайт игъэхьэгъэным ыкІи гъэзетхэу «Советскэ Адыгеим», «Адыгэ макъэм», мазэ къэс къыдэкІырэ сборникэу «Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр» зыфиІорэм къащыхэутыгъэным ынаІэ атыригъэтынэу;

— мы унашъор Урысые Федерацием исубъектхэм яшэпхъэ правовой актхэм яфедеральнэ регистрэ хагъэхьаным пае Урысые Федерацием юстициемкІэ и Министерствэ и ГъэІорышІапІэу Адыгэ Республикэм щыІэм ІэкІигъэхьанэу.

3. Заштэрэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кІуачІэ иІэ мэхъу.

4. Мы унашъор зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъысфынэу сшъхьэкІэ зыфэсэгъазэ.

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэу*
***Наталья ШИРОКОВА***

къ. Мыекъуапэ,
чъэпыогъум и 25-рэ, 2011-рэ илъэс
N 269

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 14-м ышІыгъэ унашъоу N 250-р зытетэу «Адыгэ Республикэм щыпсэухэу 2011-рэ илъэсым псыкъиуным зэрар зэрихыгъэхэм ІэпыІэгъу ягъэгъотыгъэным ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм щыпсэухэу 2011-рэ илъэсым псыкъиуным зэрар зэрихыгъэхэм лъэшэу ящыкІэгъэ пкъыгъохэр зэрашІокІодыгъэм епхыгъэу зэтыгъо мылъку ІэпыІэгъурэ финанс ІэпыІэгъурэ ахэм зэрарагъэгъотыщт шІыкІэм хэбзэ икъу хэлъхьэгъэным тегъэпсыхьагъэу **унашъо сэшІы:**

1. Адыгэ Республикэм щыпсэухэу 2011-рэ илъэсым псыкъиуным зэрар зэрихыгъэхэм лъэшэу ящыкІэгъэ пкъыгъохэр зэрашІокІодыгъэм епхыгъэу зэтыгъо мылъку ІэпыІэгъурэ финанс ІэпыІэгъурэ ахэм зэрарагъэгъотыщт ШІыкІэу Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 14-м ышІыгъэ унашъоу N 250-р зытетымкІэ аухэсыгъэм мыщ фэдэ зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэу:

1.1. Я 5-рэ пунктым мы къыкІэлъыкІорэ абзацхэр хэгъэхъожьыгъэнхэу:

«Унэр зиер е унагъом щыщэу зыныбжь икъугъэу актыр зэхагъэуцо зэхъум щытыгъэр ыкІи а актым кІэтхэжьыгъэр зылІэкІэ, ащ идунай зихъожьыгъэ нэуж мэзипІІ тешІэфэ нэс Урысые Федерацием и Граждан кодекс ия 1183-рэ статья диштэу унагъом исхэм ащыщ горэм илицевой счет зэтыгъо ахъщэ ІэпыІэгъур рагъахьэ унагъом исхэр зэкІэ ащ къызэрезэгъыхэрэм ехьылІэгъэ тхыгъэр, унагъом щыщыгъэр зэрэлІагъэм ехьылІэгъэ свидетельствэм иоригиналрэ икопиерэ ащ чІыпІэ органым зырихьылІэхэкІэ. Унагъом ис пстэуми ателъытэгъэ ахъщэр зэрэщытэу зэтыгъо ахъщэ ІэпыІэгъукІэ афагъакІо.

Унэр зиер е унагъом щыщэу зыныбжь икъугъэу актыр зэхагъэуцо зэхъум щытыгъэр ыкІи а актым кІэтхэжьыгъэр е унагъом щыщ нэмыкІырэр зылІэкІэ, зэтыгъо ахъщэ ІэпыІэгъоу фагъэуцугъэр ащ идунай зихъожьыгъэ нэуж мэзипІІ зытешІэкІэ кІэным хагъахьэ ыкІи Урысые Федерацием и Граждан кодекс зэрэщыгъэнэфэгъэ шІыкІэм тетэу а кІэныр зэрагъакІо. КІэныр ыгъэфедэным ифитыныгъэ зэриІэр къэзыушыхьатырэ тхылъыр зарихьылІэкІэ ары зэтыгъо ахъщэ ІэпыІэгъур ащ къызыратырэр.».

1.2. Я 6-рэ пунктым мы къыкІэлъыкІорэ абзацхэр хэгъэхъожьыгъэнхэу:

«Унагъом ышъхьэ е унагъом щыщэу зыныбжь икъугъэу актыр зэхагъэуцо зэхъум щытыгъэр ыкІи а актым кІэтхэжьыгъэр зылІэкІэ, ащ идунай зихъожьыгъэ нэуж мэзипІІ тешІэфэ нэс Урысые Федерацием и Граждан кодекс ия 1183-рэ статья диштэу унагъом исхэм ащыщ горэм илицевой счет ахъщэ ІэпыІэгъур рагъахьэ унагъом исхэр зэкІэ ащ къызэрезэгъыхэрэм ехьылІэгъэ тхыгъэр, унагъом щыщыгъэр зэрэлІагъэм ехьылІэгъэ свидетельствэм иоригиналрэ икопиерэ ащ чІыпІэ органым зырихьылІэхэкІэ. Унагъом ис пстэуми ателъытэгъэ ахъщэр зэрэщытэу мылъку ІэпыІэгъукІэ афагъакІо.

Унагъом ышъхьэ е унагъом щыщэу зыныбжь икъугъэу актыр зэхагъэуцо зэхъум щытыгъэр ыкІи а актым кІэтхэжьыгъэр е унагъом щыщ нэмыкІырэр зылІэкІэ, зэтыгъо ахъщэ ІэпыІэгъоу фагъэуцугъэр ащ идунай зихъожьыгъэ нэуж мэзипІІ зытешІэкІэ кІэным хагъахьэ ыкІи Урысые Федерацием и Граждан кодекс зэрэщыгъэнэфэгъэ шІыкІэм тетэу а кІэныр зэрагъакІо. КІэныр ыгъэфедэным ифитыныгъэ зэриІэр къэзыушыхьатырэ тхылъыр зарихьылІэкІэ ары ахъщэ ІэпыІэгъур ащ къызыратырэр.».

2. Заштэрэ мафэм щегъэжьагъэу мы унашъом кІуачІэ иІэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэу*
***Наталья ШИРОКОВА***

къ. Мыекъуапэ,
чъэпыогъум и 25-рэ, 2011-рэ илъэс
N 270

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шэкІогъум и 1-м ышІыгъэ унашъоу N 311-р зытетэу «Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушІэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкІи ахэм азыфагу къитэджэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэхэр фэшІыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

**Унашъо сэшІы:**

1. Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шэкІогъум и 1-м ышІыгъэ унашъоу N 311-р зытетэу «Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушІэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкІи ахэм азыфагу къитэджэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием ехьылІагъ» зыфиІорэм зэхъокІыныгъэ фэшІыгъэну, Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шэкІогъум и 1-м ышІыгъэ унашъоу N 311-р зытетэу «Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушІэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкІи ахэм азыфагу къитэджэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием ехьылІагъ» зыфиІорэм игуадзэу N 1-р мыщ голь гуадзэм диштэу икІэрыкІэу къэтхыгъэнэу.

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэу*
***Наталья ШИРОКОВА***

къ. Мыекъуапэ,
чъэпыогъум и 28-рэ, 2011-рэ илъэс
N 276

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 28-м ышІыгъэ унашъоу N 276-р зытетым игуадз*

*Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым шэкІогъум и 1-м ышІыгъэ унашъоу N 311-р зытетым игуадзэу N 1-р*

# Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушІэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакІэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкІи ахэм азыфагу къитэджэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием хэтхэр

Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэ иапэрэ гуадз — комиссием итхьамат;

Адыгэ Республикэм ІофшІэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкІэ иминистрэ игуадз — комиссием итхьаматэ игуадз;

Къэбар-правовой отделым иведущэ консультант — комиссием исекретарь;

Къэбар-правовой отделым ипащ;

Экономикэмрэ финансхэмрэкІэ отделым ипащ;

ІофшІэн зэфыщытыкІэхэмкІэ ыкІи социальнэ зэдэлэжьэныгъэмкІэ отделым ипащ.

Адыгэ Республикэм и ЛІышъхьэрэ Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинетрэ я Администрацие и Тхьамат (зэрэзэзэгъыхэрэм тетэу);

Научнэ организациехэм, гурыт, апшъэрэ профессиональнэ гъэсэныгъэ ыкІи профессиональнэ гъэсэныгъэ тедзэ зыгъэгъотырэ учреждениехэм ялІыкІуитІоу зиІофшІэн къэралыгъо къулыкъум епхыгъэр.

# Урысые Федерацием и Президент ихэдзынхэу 2012-рэ илъэсым гъэтхапэм и 4-м щыIэнхэу агъэнэфагъэхэм ахэлэжьэщтхэ пIэлъэ-пIалъэкIэ къыдэкIыхэрэ региональнэ къэралыгъо изданиехэр

*(КъызыкIэлъыкIорэр тыгъэгъазэм и 9-м къыдэкIыгъэ номерым ит).*

| № п/п | КъыдэкIы-хэрэм ацIэхэр | Юридическэ адресыр | СМИ-м изэхэщакIохэр (зэхэщэкIо гуадзэхэр) | Редакцием изэхэщакIор (зэхэщэкIо гуадзэр) | Къызэрэ-дэкIырэ пчъагъэр | Устав мылъкум МО-м иIа-хьэу хэлъыр (процент пчъагъ) | Къэралыгъо IэпыIэгъур зы-фэдэр ыкIи зыфэдизыр (сомэ мин пчъагъ) |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | «Адыгэ макъ» «Голос адыга» (гъэзет) | урамэу Первомайскэр, унэр 197-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр, 385000 | Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр | Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр | тхьамафэм 5 | 100 | 10860.0 (субсидие) |
| 2 | «Советская Адыгея» (гъэзет) | урамэу Первомайскэр, унэр 197-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр, 385000 | Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр | Адыгэ Республикэм иминистрэхэм я Кабинет, Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэр | тхьамафэм 5 | 100 | 8903.1 (субсидие) |
| 3 | «Зэкъошныгъ» «Дружба») (журнал) | урамэу Советскэр, унэр 217-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр, 385000 | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | кварталым 1 | 100 | 2410.5 (субсидие) |
| 4 | «Литературная Адыгея» (журнал) | урамэу Советскэр, унэр 217-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | кварталым 1 | 100 | |
| 5 | «Жъогъобын» («Созвездие») (журнал) | урамэу Советскэр, унэр 217-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | кварталым 1 | 100 | |
| 6 | «Родничок Адыгеи» (кIэлэцIыкIу журнал) | урамэу Советскэр, унэр 217-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ ыкIи къэбар жъугъэм иамалхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | Лъэпкъ IофхэмкIэ, IэкIыб къэралхэм ащыпсэурэ тилъэпкъэгъухэм адыряIэ зэпхыныгъэхэмкIэ комитетыр, Адыгеим итхакIохэм я Союз | кварталым 1 | 100 | |

**ОНСМК-м ипащэу В.А. ТЕРЕБРЮХОВ**

# Урысые Федерацием и Президент ихэдзынхэу 2012-рэ илъэсым гъэтхапэм и 4-м щыIэщтхэу агъэнэфагъэхэм телерадиовещанием ирегиональнэ организациехэу ахэлэжьэщтхэр

| N п/п | Телерадиовещание организацием цIэу иIэр | СМИ-м цIэу иIэр | Юридическэ адресыр | ЗэхэщакIохэр | Муниципальнэ IэпыIэгъур зыфэдизыр (сомэ мин пчъагъ) | устав мылъкум МО-м иIахьэу хэлъыр (процент пчъагъ) |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | МУ «Красногвардейскэ муниципальнэ телевидениер» (КМТ) | «Красногвардейскэ муниципальнэ телевидением (КМТ)»-м ителепрограмм | урамэу Фестивальнэр, унэр 1, селоу Красногвардейскэр, Адыгэ Республикэр, 385300 | Адыгэ Республикэм и Красногвардейскэ район иадминистрацие | 1367.0 | 100.0 |
| 2 | МУ «Зарево» | телепрограммэу «Зарево» | урамэу Шэуджэныр, унэр 14, къу. Хьакурынэхьабл, Шэуджэн районыр, Адыгэ Республикэр | Адыгэ Республикэм и МО-у «Шэуджэн районым» иадминистрацие | 1138.0 | 100.0 |
| 3 | МУТРВ-у «Кощхьабл» | телепрограммэу «Кощхьабл — ТВ» | урамэу Ленинныр, унэр 10, къу. Кощхьабл, Адыгэ Республикэр, 385400 | Адыгэ Республикэм и МО-у «Кощхьэблэ районым» иадминистрацие | 1100.0 | 100.0 |

**ОНСМК-м ипащэу В. А. ТЕРЕБРЮХОВ**

# Урысые Федерацием и Президент ихэдзынхэу 2012-рэ илъэсым гъэтхапэм и 4-м щыIэщтхэу агъэнэфагъэхэм телерадиовещаниемкIэ региональнэ къэралыгъо организациехэу ахэлэжьэщтхэр

| N п/п | Телерадиовещание организацием цIэу иIэр | СМИ-м цIэу иIэр | Юридическэ адресыр | ЗэхэщакIохэр | Устав мылъкум къэралыгъом иIахьэу хэлъыр (процент пчъагъ) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | ГТРК-у «АДЫГЕЕР» — ФГУП-у «ВГТРК» ифилиал | телепрограммэхэу Телеканалэу «Урысыер» (Урысые 1-р), Урысые информационнэ каналэу «Урысые — 24-р» (Урысые 24-р) радиопрограммэхэу «Урысые радиор», «МАЯК»-р | ур. Жуковскэр, унэр 24-рэ, къ. Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэр, 385000 | Урысые Федерацием и Правительств | 100.0 |

**ОНСМК-м ипащэу В. А. ТЕРЕБРЮХОВ**

# Адыгэ Республикэм и Закон

**Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгу Iахьхэу зигъунапкъэхэр Адыгэ Республикэм икъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ щызэтемыушъхьафыкIыгъэхэр зэрагъэфедэхэрэм ехьылIагъ» зыфиIорэм иа 1-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

*Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Совет — Хасэм 2011-рэ илъэсым шэкIогъум и 16-м ыштагъ*

**А 1-рэ статьяр. Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгу Iахьхэу зигъунапкъэхэр Адыгэ Республикэм икъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ щызэтемыушъхьафыкIыгъэхэр зэрагъэфедэхэрэм ехьылIагъ» зыфиIорэм иа 1-рэ статья зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъ**

Адыгэ Республикэм и Законэу «ЧIыгу Iахьхэу зигъунапкъэхэр Адыгэ Республикэм икъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ щызэтемыушъхьафыкIыгъэхэр зэрагъэфедэхэрэм ехьылIагъ» зыфиIорэм (Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр, 2008, N 2, 8) иа 1-рэ статья мыщ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэу:

1) я 2 [1]-рэ Iахьыр хэгъэхъогъэнэу ыкIи ар мыщ тетэу къэтыгъэнэу:

«2 [1]. Муниципальнэ образованиеу «Къалэу Мыекъуапэ» чIыпIэ зыгъэIорышIэжьынымкIэ иорганхэм чIыгу Iахьхэу зигъунапкъэхэр Адыгэ Республикэм икъэлэ шъхьаIэу Мыекъуапэ щызэтемыушъхьафыкIыгъэхэм рекламэ пхъэмбгъухэр ащыгъэуцугъэнхэм атегъэпсыхьэгъэ зэзэгъыныгъэхэр адэшIыгъэнымкIэ полномочиехэр агъэцакIэх.»;

2) я 3-рэ Iахьым хэт гущыIэхэу «мы статьям ия 2-рэ Iахь щыгъэнэфэгъэ спискэм хэмыхьагъэхэр» зыфиIохэрэр гущыIэхэу «мы статьям ия 2-рэ, ия 2 [1]-рэ Iахьхэм зигугъу къамышIыгъэхэр» зыфиIохэрэмкIэ зэблэхъугъэнхэу.

**Я 2-рэ статьяр. Мы Законым кIуачIэ иIэ зыхъурэр**

Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щегъэжьагъэу мы Законым кIуачIэ иIэ мэхъу.

*Адыгэ Республикэм и ЛIышъхьэу ТХЬАКIУЩЫНЭ Аслъан*

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 22-рэ, 2011-рэ илъэс
N 52

---

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэм» хэхьэрэ «Натырбые псэупIэ унэр» зыфиIорэм цIыфхэр чIэгъэхьэгъэнхэмкIэ Iофыгъо заулэхэм яхьылIагъ**

Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэм» хэхьэрэ «Натырбые псэупIэ унэр» зыфиIорэм цIыфхэр чIэгъэхьэгъэнхэмкIэ Iофыгъо заулэхэм зэшIохыкIэ тэрэз афэшIыгъэным пае нормативнэ правовой акт гъэнэфагъэ аштэфэ нэс **унашъо сэшIы:**

1. Мы къыкIэлъыкIохэрэр ухэсыгъэнхэу:

1.1. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэм» хэхьэрэ «Натырбые псэупIэ унэр» зыфиIорэм цIыфхэм зэрысыщт унэхэр къызэращаратыщтхэ шIыкIэу пIэлъэ гъэнэфагъэм тегъэпсыхьэгъэщтыр;

1.2. Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэм» хэхьэрэ «Натырбые псэупIэ унэр» зыфиIорэм цIыфхэр зэрэчIэхьащтхэ шапхъэхэм алъыплъэщт комиссием ехьылIэгъэ положениер.

2. Социальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэнкIэ учреждениехэм афэгъэзэгъэ отделым (Ф. М. ПIатIэкъом), Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм яфэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэнкIэ Кощхьэблэ гупчэр» зыфиIорэм идиректор (З. А. Хьамырзэм) Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэм» хэхьэрэ «Натырбые псэупIэ унэр» зыфиIорэм цIыфхэр зэрэчIэхьащтхэ шIыкIэм анаIэ тырагъэтынэу.

3. Къэбар-правовой отделым (О. В. Долголенкэм) мы къыкIэлъыкIохэрэр ыгъэцэкIэнэу:

— Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ исайт мы унашъор ригъэхьанэу ыкIи гъэзетхэу «Советскэ Адыгеим», «Адыгэ макъэм», джащ фэдэу мазэм зэ къыдэкIырэ сборникэу «Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэр» зыфиIорэм къыхаригъэутынэу;

— Урысые Федерацием исубъектхэм янормативнэ правовой актхэм яфедеральнэ регистрэ хагъэхьаным пае мы унашъор Урысые Федерацием юстициемкIэ и Министерствэ и ГъэIорышIапIэу Адыгэ Республикэм щыIэм IэкIигъэхьанэу.

4. Официальнэу къызыхаутырэ мафэм щыублагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

5. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъоу N 19-р зытетэу «Адыгэ Республикэм икъэралыгъо учреждениеу «ЦIыфхэм ясоциальнэ фэIо-фашIэхэм ягъэцэкIэн фытегъэпсыхьэгъэ Кощхьэблэ гупчэр» зыфиIорэм цIыфхэм зэрысыщт унэхэр къызэращаратыщтхэ шIыкIэм ехьылIагъ» зыфиIоу 2008-рэ илъэсым мэзаем и 15-м къыдэкIыгъэм кIуачIэ имыIэжьэу лъытэгъэнэу.

6. Унашъом игъэцэкIэн зэрэкIорэм иуплъэкIун мы министерствэм иминистрэ иапэрэ гуадзэ фэгъэзэгъэнэу.

*Министрэу Наталья ШИРОКОВА*

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 11, 2011-рэ илъэс
N 292

---

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъу

**Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 28-м ышIыгъэ унашъоу N 276-р зытетэу «Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шэкIогъум и 1-м ышIыгъэ унашъоу N 311-р зытетэу « Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушIэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкIи ахэм азыфагу къихъухьэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъэм» зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэным ехьылIагъ**

**Унашъо сэшIы:**

Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2011-рэ илъэсым чъэпыогъум и 28-м ышIыгъэ унашъоу N 276-р зытетэу «Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ 2010-рэ илъэсым шэкIогъум и 1-м ышIыгъэ унашъоу N 311-р зытетэу « Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ икъэралыгъо граждан къулыкъушIэхэм япшъэрылъхэр зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъызыфырэ ыкIи ахэм азыфагу къихъухьэрэ зэмызэгъыныгъэхэр дэзыгъэзыжьырэ комиссием ехьылIагъ» зыфиIорэм зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэм фэгъэхьыгъэм» игуадзэ зэхъокIыныгъэ фэшIыгъэнэу, я 7-рэ абзацым хэт гущыIэу «тхьамат» зыфиIорэр гущыIэу «лIыкIо» зыфиIорэмкIэ зэблэхъугъэнэу.

*Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэу Наталья ШИРОКОВА*

къ. Мыекъуапэ,
шэкIогъум и 18, 2011-рэ илъэс
N 300

---

# Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ иунашъу

**Сабыибэ зэрыс унэгъо ныбжьыкIэхэу щыIэныгъэм чIыпIэ къин ригъэуцуагъэхэм 2012-рэ илъэсым зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъу аIэкIэгъэхьэгъэным ехьылIагъ**

Гухэлъ гъэнэфагъэ зиIэ республикэ программэу «Демографием изытет Адыгэ Республикэм нахьышIу щышIыгъэныр» зыфиIоу 2009 — 2012-рэ илъэсхэм ателъытагъэр гъэцэкIэгъэным тегъэпсыхьагъэу унашъо сэшIы:

1. Ухэсыгъэнхэу:

1.1. Сабыибэ зэрыс унэгъо ныбжьыкIэхэу щыIэныгъэм чIыпIэ къин ригъэуцуагъэхэм 2012-рэ илъэсым зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъу зэраIэкIагъэхьэрэ шIыкIэм ехьылIэгъэ Положениер гуадзэу N 1-м диштэу.

1.2. 2012-рэ илъэсым Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ IофшIэнымкIэ ыкIи цIыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ ичIыпIэ органхэм гуадзэу N 2-м диштэу зигугъу къэтшIыгъэ ахъщэр зэратырагощыщт шIыкIэр.

2. КIэлэцIыкIухэм, бзылъфыгъэхэм ыкIи унагъом яIофхэмкIэ отделым ипащэу Н. М. Абрэджым сабыибэ зэрыс унэгъо ныбжьыкIэхэу щыIэныгъэм чIыпIэ къин ригъэуцуагъэхэм зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъу зэраIэкIагъэхьэрэ шIыкIэм ехьылIэгъэ Положениер гъэцэкIэгъэнымкIэ ищыкIэгъэ Iофтхьабзэхэр зэрихьанхэу.

3. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ IофшIэнымкIэ ыкIи цIыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ ичIыпIэ органхэм япащэхэм сабыибэ зэрыс унэгъо ныбжьыкIэхэу щыIэныгъэм чIыпIэ къин ригъэуцуагъэхэм зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъу зэраIэкIагъэхьэрэ шIыкIэм ехьылIэгъэ Положениеm диштэу Адыгэ Республикэм икъалэхэмрэ ирайонхэмрэ ямуниципальнэ образованиехэм Iофхэр ащызэхащэнэу.

4. Къэбар-правовой отделым ипащэу О. В. Долголенкэм унашъом зыкIэтхэхэрэ нэуж мэфитфым къыкIоцI:

— мы унашъор Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ исайт игъэхьэгъэным ыкIи гъэзетхэу «Советскэ Адыгеим», «Адыгэ макъэм», мазэ къэс къыдэкIырэ сборникэу «Адыгэ Республикэм изаконодательствэ зэхэугъоягъэхэм» къащыхэутыгъэным ынаIэ атыригъэтынэу;

— мы унашъор Урысые Федерацием юстициемкIэ и Министерствэ Адыгэ РеспубликэмкIэ и ГъэIорышIапIэ IэкIигъэхьанэу Урысые Федерацием исубъектхэм яшэпхъэ правовой актхэм яфедеральнэ регистрэ хагъэхьаным фэшI.

5. Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ и Министерствэ IофшIэнымкIэ ыкIи цIыфхэр социальнэу ухъумэгъэнхэмкIэ ичIыпIэ органхэм ягупчэ бухгалтериехэм сабыибэ зэрыс унэгъо ныбжьыкIэхэу щыIэныгъэм чIыпIэ къин ригъэуцуагъэхэм зэтыгъо ахъщэ IэпыIэгъур игъом афатIупщынэу.

6. 2012-рэ илъэсым щылэ мазэм и 1-м щегъэжьагъэу мы унашъом кIуачIэ иIэ мэхъу.

7. Мы унашъор зэрагъэцакIэрэм гъунэ лъысфынэу сшъхьэкIэ зыфэсэгъэзэ.

*Адыгэ Республикэм IофшIэнымрэ социальнэ хэхъоныгъэмрэкIэ иминистрэу Наталья ШИРОКОВА*

къ. Мыекъуапэ,
тыгъэгъазэм и 2, 2011-рэ илъэс
N 323

ИСКУССТВЭР ТИБАИНЫГЪ

# Къашъор шъуашэм къегъэдахэ

**Адыгэ Республикэм икъэралыгъо гъэпсыкІэ зэригъэпытэрэр, хэхъонигъэу ышІыхэрэр лъэпкъ къашъом ыбзэкІэ тиартистхэм къаІуатэ. Дунаим щызэлъашІэрэ ансамблэу «Налмэсыр» зызэхащагъэр илъэс 75-рэ зэрэхъугъэр игъэкІотыгъэу непэ Мыекъуапэ щыхагъэунэфыкІыщт.**


Дыгъу Ирин.

— Тиреспубликэ щызэхащэрэ зэхахьэмэ тигуапэу тахэлажьэ, — игупшысэмэ тащегъэгъуазэ «Налмэсым» идиректорэу, Урысыем изаслуженнэ артистэу, Адыгеим инароднэ артистэу Бэстэ Азмэт. — Адыгэ шъуашэм и Мафэ фэгъэхьыгъэ пчыхьэзэхахьэр апэрэу Мыекъуапэ мыгъэ щыкІуагъ. Ащ зыфэдгъэхьазырынэу тызыфежьэм, тиартистхэр гушІом зэрихьэщтыгъэх. Лъэпкъ шъуашэм мэхьанэу иІэм зыкъегъэІэтыгъэным зэрэхэлажьэхэрэм рыгушхощтыгъэх.

СурэтышІ-модельер цІэрыІоу СтІашъу Юрэ ышІыгъэ адыгэ шъуашэу тиреспубликэ фэгъэхьыгъэр къашъом ыбзэкІэ Дыгъу Иринэ «къыгъэгущыІагъ». Шъуашэр щыгъэу пчэгум ар къызэрихьагъэр, адыгэ къашъор къызэришІыгъэр егъашІи тщыгъупшэжьыщтэп.


Хьакъуй Анжел.

Мы мафэхэм Дыгъу Иринэ «Адыгэ Республикэм инароднэ артистк» зыфиІорэ щытхъуцІэр къыфаусыгъ. Артисткэ цІэрыІом тыгу къыддеІэу тыфэгушІо. Адыгэ Республикэм ищытхъу дунаим нахь лъагэу щиІэтынэу фэтэІо.

«Налмэсым» икъэшъо шъхьаІэхэр къэзышІырэмэ Адыгэ Республикэм изаслуженнэ артисткэу Хьакъуй Анжелэ ащыщ. Адыгэ шъуашэм фэгъэхьыгъэ зэхахьэм къашъоу «Тыргъэтаор» Анжелэ къызэрэщишІыгъэр искусствэм ишэпхъэ лъагэмэ адештэ. Тыргъэтао иобраз къашъомкІэ къыІуатэзэ, лъэпкъ шъуашэм идэхагъи, адыгэ пшъашъэм игупшысэхэри ІупкІэу къызэІуихыгъэх.

— Тилъэпкъ, тиреспубликэ шІукІэ дунаим щязыгъашІэрэмэ «Налмэсыр» ахэсэлъытэ, — еІо АР-м и Къэралыгъо премие къызыфагъэшъошэгъэ СтІашъу Юрэ. — Сигуапэу «Налмэсым» тапэкІи Іоф дэсшІэщт. Ансамблэ цІэрыІом дэхагъэу тхэлъыри, титарихъи гъэшІэгъонэу къеІуатэх.

«Налмэсым» ипчыхьэзэхахьэ цІыфыбэ къекІолІэщт. Къашъомрэ лъэпкъ шъуашэмрэ зэрэзэпхыгъэхэр ащ щытлъэгъущтых.

КІЫМЭФЭ ФУТБОЛЫР



# Калининград, Москва хэку, Краснодар...



**Мыекъуапэ футболымкІэ икІымэфэ зэнэкъокъу командэ 57-рэ хэлажьэ. Апэрэ купым хэтхэу тыгъэгъазэм и 11-м зэІукІэщтхэм тигъэзэтеджэхэр ащытэгъэгъуазэх.**

**«Щагъдый» — «Квант»**
**«ЧІыгушъхь» — «Мыекъуапэ»**
**«Улап» — МГТУ**
**«Ошъутен» — «Урожай».**

ЕшІэгъухэр стадионэу «Юностым» щыкІощтых. Апэрэ зэІукІэгъур сыхьатыр 11-м аублэщт.

Зэнэкъокъум Урысыем икомандэ лъэшхэм яфутболистхэри хэлажьэх, ешІэгъухэр гъэшІэгъонэу макІох. «ЧІыгушъхьэм» очкоуи 9 ригъэкъугъ, апэрэ чІыпІэм щыІ. Ащ щешІэрэ Адыгеим ифутболист Александр Нартиковыр мыекъопэ «Зэкъошныгъэм» хэт.

— КІымэфэ зэнэкъокъум тызэрэхэлажьэрэр тиспорт ухьазырыныгъэ хэтэгъахъо, — къеІуатэ Александр Нартиковым. — Футболыр зикІасэхэр дгъэгушІохэ тшІоигъу.

— ТиІахьылхэр къуаджэм дэсых, — зэдэгущыІэгъур лъегъэкІуатэ «ЧІыгушъхьэм» щешІэрэ Тхьаркъохъо Казбек. — Кощхьэблэ районым къикІыхэзэ тиешІэгъухэм яплъыхэрэм тагъэгушхо. Тиреспубликэ и ЛІышъхьэу ТхьакІущынэ Аслъан лъэшэу тыфэраз. Аужырэ илъэсхэм футбол ешІапІэхэр тикъуаджэхэм къащызэІуахыгъэх. Ащ ишІуагъэкІэ ныбжьыкІэу спортым пыщагъэмэ япчъагъэ хэпшІыкІэу хэхъо. Новороссийскэ, Краснодар, Калининград, Москва хэкум, Ставрополь, нэмыкІ къалэмэ якомандэхэм ащешІэрэ футболистхэр Мыекъуапэ икІымэфэ зэнэкъокъу хэлажьэх. Опыт зиІэ футболистхэм тадешІэ зыхэукІэ, лъэкІэу тиІэр нахьышІоу къызыфэтэгъэфедэ.

— Тэ ящэнэрэ купым щыкІорэ зэнэкъокъум тыхэлажьэ, — еІо Адыгэ Республикэм и Къэралыгъо Академическэ къэшъокІо ансамблэу «Налмэсым» ихудожественнэ пащэу Къулэ Мыхьамэт. — КъэлэпчъэІутэу сешІэ. ІэнэтІэ зэфэшъхьафхэр зиІэхэр зэнэкъокъум щытэлъэгъух. Футболым тызэрэпылъым ишІуагъэ къытэкІэу тэлъытэ.

Сурэтым итхэр: **«ЧІыгушъхьэм» ифутболистхэу Тхьаркъохъо Казбекрэ Александр Нартиковымрэ гущыІэгъу зэфэхъугъэх.**



Спорт зэнэкъокъухэмрэ уахътэмрэ

# Язэпхыныгъэ щэпытэ

**Краснодар краим футболымкІэ изэІухыгъэ зэнэкъокъоу ныбжьыкІэхэм азыфагу щыкІорэм Адыгэ Республикэм икомандэхэр хэлажьэх. ЩытхъуцІэхэр къыдэзыхырэмэ тиспортсменхэр зэращыщхэм тегъэгушІо.**

— Зэнэкъокъур зэрэкІуагъэр Краснодар щызэфахьысыжьыгъ, — къытиІуагъ АР-м футболымкІэ и СДЮСШОР изавучэу Пэнэшъу Махьмудэ. — Краим футболымкІэ ипащэхэр зэхахьэм хэлэжьагъэх. Владимир Середа Адыгеим икомандэхэм афэгъэхьыгъэ гущыІэ фабэхэр къыІуагъэх, сэнаущыгъэ зыхэлъ футболист ныбжьыкІэхэр зэрэтиІэхэм ынаІэ тыридзагъ.

1996-рэ илъэсым къэхъугъэ кІалэхэр зыхэт купым зыщызэнэкъокъухэм, «Бразилие еджапІ» зыфиІорэм щагъасэрэмэ апэрэ чІыпІэр къыдахыгъ. ФК-у «Краснодарым» ятІонэрэ чІыпІэр ыхьыгъ. Мыекъуапэ икомандэу Юрий Манченкэр зипащэм ящэнэрэ чІыпІэр къыфагъэшъошагъ. 1998-рэ илъэсым къэхъугъэ кІалэмэ язэнэкъокъу футболымкІэ академиеу «Краснодарым» апэрэ чІыпІэр къыщыдихыгъ. Мыекъуапэ икомандэу Александр Вольвач зипащэр ятІонэрэ хъугъэ, «Кубань» Краснодар ящэнэрэ чІыпІэр къыдихыгъ.

КІымэфэ зэнэкъокъоу Краснодар краим щаублагъэм Адыгэ Республикэм икоманди 4 хэлажьэ. Тренерхэу Юрий Манченкэр, Виталий Аксеновыр, Владимир Финькор зипэщэ командэхэр дэгъоу ешІэнхэу тащэгугъы. Краснодар краимрэ Адыгэ Республикэмрэ язэпхыныгъэхэр спортым зэрэщагъэпытэхэрэр зэнэкъокъухэм къагъэлъагъо.

*НэкІубгъор зыгъэхьазырыгъэр ЕМТІЫЛЪ Нурбый.*